# Открытый урок

## По родной литературе (аварского языка) во 2 классе

## На тему:

# «Борхьилги царалги къиса»



МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
МБОУ "ПЕТРАКОВСКАЯ СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА"
ХАСАВЮРТОВСКИЙ РАЙОН с. ПЕТРАКОВСКОЕ
ИНН 0534034990 ОГРН 1160571067502
РОССИЙСКАЯ ФЕДЕРАЦИЯ

Абакарова А.К

Дарс : Борхьилги царалги къиса.

Дарсил мурад: 1. Лъималазул калам цебет1езабила, араб дарсил х1асил гьабила.

2. Маргьаялъул х1акъалъулъ к1удияб к1вар кьела ва калам цебет1езабила.
3. Жалго-жидедаго ч1ун ц1ализе т1амила киналго лъимал дарсида х1алт1изе гьарила.

Дарсил алатал: указка, т1ехь, словарикал, г1алхул х1айванал ва рукъалъул х1айванал рахъарал суратал.

Дарсил план:

1. Лъимал дарсиде х1адур гьари.
2. Араб даре гьикъила.
3. Ц1ияб дарсил цебераг1и.
4. Словарияб х1алт1и.
5. Физминутка.
6. Ц1ияб даре.
7. Учителасул ц1али.
8. Лъималазул ц1али.
9. Дарсил х1асил.
10. Къиматал лъела.

Дарсил ин:

**1. Лъимал дарсиде х1адур гьари.**

Лъимал г1одорч1езе гьарила ва дарсиде х1адуризе т1амила.

Жакъа нилъер буго рагьараб дарс, нильехъе рач/ун руго гьалбалги.

**2. Араб дарс гьикъила.**

- Лъимал нужеца араб дарсида сундул х1акъалъулъ бицунеб бук1араб?

( кицаби ва бицанк1аби)

- Лъицаха бицинеб щиб кколеб кици?

( кици гьеб ккола абиял)

- Лъимал, кицабаздаса г1адамазе щиб пайда бугеб?

( гьел руго цере заманалда рук1арал ч1ах1иял г1адамаца ургъарал абиял)

- Щиб гьелъ нилъеда малъулеб?

(г1акълу малъула)

- Лъимал гъол ч1ах1иял г1адамазда г1умруги бихьун нилъее кицабалдалъун г1акълу малъулеб буго.

Масала: «Гьит1инго бихьараб ц1али ганч1ида бик1араб накъищ».

Гьаб кицаялда абулеб буго лъимал цере заманалда г1адамаца гамч1ида хъвараб жо гьанжелъезег1анги г1умруялъги гамч1ида хут1улила. Гьединлъидал гьит1инго щвараб лъай буго гамч1ида бик1араб накъищ.

- Накъищ ккола лъимал хъвай-хъваг1ай (бихьизабила сураталда).
- Лъик1 буго лъимал, нужода киназдаго лъалеб буго щиб кколеб кици.
- Гьанже щибха кколеб бицанк1о?

Цо гьадинаб х1ай гьабила нилъеца.

Класс бикьила к1иго командаялде.
Дица ц1алилила биценк1о, жаваб бицине квер борхе.
Бит1араб жаваб кьуразе дица сайгъат кьела, гьеб ккола гьадинаб берцинаб ц1ва.
Ахиралда балагьила кинаб командаялъ г1емерал ц1ваби ругел.
Гьел рук1ине руго бергьараллъун.
Киналго г1инт1аме дихъ.
1. Гьаракь к1удияб к1их1ат1илаб саг1ат?
**(Х1елеко)**.
2. К1иго гьакида гьоркьоб
Кьилиги ч1ван рек1унеб
Рек1арасул х1ат1аца
Х1алт1улеб жо щиб кколеб?
**(Х1ат1илмашина.)**

3. Билъинч1ого, бет1ич1ого Ч1аго квине кеп бук1унеб, Бец1аб ракьулъ кьаралъулеб, Кьер баг1араб баркаман?
**Ламадор.**
4. Жаниб гьава Буг1иялъ Бихъиледухъ понц1ураб,
Бух1изелъун гьабураб Гьаб басанк1о щиб кколеб?
**Сурат.**
5. Падалъ инсанги к1усун, Ургьиб жужах1ги боркьун, Щиб унеб космосалде Кутакаб хехлъиялда?
**Ракета.**
6. Бет1ер катил, Керен х1анч!ил, Х1ули г1ансил Пинда ц1одор.
**Руз.**
Лъик1 буго лъимал, киналго ц1акъ лъик1 х1алт1ана, амма 2-леб командаялъе г1емер щвана сайгъат.

## 3. Щияб дарсил цебераг1и.

- Лъимал нужеда лъана бат1и-бат1иял кицабиги ва биценк1аби, амма жеги нилъеда г1умру гьабизе ва г1акълу гьабизе малъулел руго маргьаби.
Гьелги нужее ц1акъ рокьулел ратила.
-Лъицаха дида бицинеб щиб кколеб маргьа? (гьеб ккола сказка)
- Киналго г1енекке дихъ маргьа лъимал ургьараб жо буго нилъ ва нилъер эбел-эмен рук1иналда цере заманалда рук1арал г1адамаз.
Гьоб заманалда бук1инч1о лъимал гьанжег1адин бат1и-бат1иял игрушкаби гьединлидал лъимал гьоз ургъулел рук1ана кицаби, абиял, биценк1аби ва маргьа.
Маргьаялде гьорлъе ккола лъимал гара-ч1вари хабар, г1адамазул ва бат1и-бат1иял рух/ч/аголъиялъул х1акъалъулъ бук1уна. Гьединан цоцазде щущан хут1ана гьанжелъезег1ан.
Гьедин баккараб бук1ана лъимал маргьа.

- Нужеда лъала лъимал щиб кколеб маргьа.
- Лъидаха лъалел рух1ч1аголъиялъул х1акъалъулъ маргьаби?
(Хъазги церги, Гьит/инав вехь, Мокъокъил т/анч/и)

Лъик1 буго лъимал ц1акъ г1емер жо рак1алда буго нужода. Жегиха лъимал нужеда лъаларел г1емер маргьаби руго. Гьединлъидал киналго балагье доскаялде гьенир руго г1емер т1ахьал гьазда хъван руго маргьаби ва суратал

рихьизарила. Т1ахъазул х1акъалъулъ бицина. Хириял лъимал, лъица бицинеб кина-кинал г1алхул х1айванал нужеда лъалел?
Доскаялда жура-гъуран ч1ван рук1ина суратал г1алхулги, рукъалъулги лъималаз рат1а гъаризе ккола.

**4. Щияб даре.**

- Жакъа лъимал нилъ рилъине руго маргъабазул улкаялде.
-Нужода кин бич/улеб улка абураб раг1и? (***улка-страна***)

**5. Словарияб х1алт1и.**

- Гьанже г1инт1аме
«Борхьилги царалги къиса» абураб маргъаялъухъ.
- Лъимал гъеб маргъаялда руго нужода рич/изе зах1матал раг1аби.

Рак/ квешлъи – злоба
Дандекъай – прижимать
Хапун кквей – схватить

**5. Физминутка.**

К1анц1е, к1анц1е, дир к1анц1ур, Дунги цадахъ к1анц1ила, Тире,тире дир торг1о, Дунги цадахъ тирила.

**6. Щияб дарс.**

Доскаялда бугеб ц/ияб дарсил сураталъул бицина.

**7. Учителасул ц1али.**

Нилъеца гьадинаб х1алт1и гьабизе буго лъимал. Лъие бокьун бугеб церлъун бук1ине, борохьлъун бук/ине.
Дица суалияб предложение ц1алилила нужехъ рук1ине руго карточкаби жавабал хъварал раг1абигун. Дица суал ц1алилила нужеца жаваб ц1алилила.

**8. Лъималазул ц1али.**

Г1едег1ич1ого гьалат1 биччач1ого, берцинго ц1алилила учителас хал гьабила, гьалат1ал рит1изарила.
-Лъимал нужее маргъа бокьаниш?

- Сундул х1акъалъулъ бугеб маргъа?
- Гьаб маргъаялъул аслияб маг/на щиб?
- Борхьил хасиятищ яги царал хасиятищ нужее рек/ее г/ураб?
- «Гьадин бит/араб бокьула дие гьудул» абурал царал раг/абазул маг/на щиб?

**9. Дарсил х1асил.**

- Лъимал, лъица бицинеб царал х1илла ургъараб маргъа нужеда лъалеб?
- Лъимал царал г1амал г1адамазда релълъинаризе бегьилищ?
- Рук1унищ г1адамал царада релъарал?
- Цо-цо г1адамалги рук1уна царал сих1ирлъи бугел.
- Маг/арулазул аби буго: цо цараца анц/го бац/ гуккарабила. Царада макьилъги г/анк/уял рихьулелила.
- Кин нужеда бич/ч/улеб шгъел кицабазул маг/на?

**10. Рокъобе х1алт1и. (къиматал лъела)**


10 20 30 40 50 60 70 80 90 100

